


# **PWOTEKSYON NAN ABI**

## **ANPIL FWA TE MANDE KESYON (FAQ)**



<https://courts.delaware.gov/family>

## Ki moun ki ka depoze yon Petisyon pou Pwoteksyon kont Abi?

Ou ka ranpli yon petisyon PKA kont nenpòt ki moun ou gen kalite relasyon sa yo:

- ✓ Ansyen Mari oswa madanm
- ✓ Moun k ap viv ansanm ki kompòte tèt yo kòm yon koup (avèk yon timoun ansanm oswa san timoun),
- ✓ Moun k ap viv separe e apa, men ki gen timoun ansanm;
- ✓ Moun ki ansanm oswa ansyen mennaj; \*
- ✓ \*Se kapab yon moun ou "pale", "ale soti ak li", oswa ou te nan "koutize" ak li. Ou ka rele yon "konpayon", "mennaj", oswa "fiyanse", oswa petèt jis yon moun ou te "wè" e li te pase tan ansanm avè'w nan yon fason potansyèlman amoure.
- ✓ Nenpòt nan relasyon familyal sa yo:

- Paran oswa timoun (enkli bòpè ak bèlmè),
- Frè oswa sè (enkli bòfrè ak bëlsè),
- Pitit gason oswa pitit fi (enkli bofis ak bëlfì ak kote dwa paran yo te sispann),
- Granparan oswa pitit pitit; oswa

- ✓ Nenpòt lòt manm fanmi ou ki gen rapò ak san, adopsyon oswa maryaj, men sèlman si ou abite "nan yon sèl kay anba yon sèl mèt". \*

\*Pa egzanp, kouzen ki lwe chanm apa nan yon kay pa ka kalifye. Men, menm kouzen sa yo ki rete nan kay granparan yo ta kalifye.

Nan petisyon ou, ou dwe dekri abi-a ke manm fanmi ou oswa patnè entim ou an fè sou ou, oswa sou pitit biyolojik oswa adopsyon ou, oswa sou yon timoun ki sou responsablite ou. \*

\*Depatman Sèvis pou Timoun yo, Jèn yo ak Fanmi yo (DSCYF) kapab tou depoze yon petisyon PFA ki te akize yon timoun. Divizyon Sèvis pou Pwoteksyon Adilt (DAPS) ka depoze yon petisyon PFA ki fè akizasyon pou abi sou yon adilt ki gen pwoblèm. Petisyon DSCYF ak DAPS yo trè ra.

# **Abi & Vyolans Domestik**

**Dapre la lwa (10 Del. C. § 1041), Abi se:**

A	Entansyonèlman oswa ak neglijans, lakòz oswa eseye lakòz aksidan fizik oswa yon ofans seksyèl, jan yo defini nan § 761 Tit 11;
B	Fè entansyonèlman oswa ak neglijans, mete oswa eseye mete yon lòt moun nan krent rezonab yon aksidan fizik oswa ofanse'l seksyèlman moun sa yo oswa yon lòt;
C	Entansyonèlman oswa ak neglijans domaje, detwi oswa pran pwopriyete ak byen yon lòt moun;
D	Angaje nan yon konduit ou manyè nan yon fason ki kapab lakòz pè, detrès emosyonèl oswa yo pwovoke vyolans oswa dezòd;
E	Rantré sou oswa nan pwopriyete yon lòt moun, oswa sou oswa nan pwopriyete ki soti nan ke moun te eskli pa lòd yon tribinal;
F	Abi sou Timoun, jan yo defini li nan Chapit 9 Tit 16;
G	Prizon ilegal, kidnaping, entèferans avèk gad ak presyon, jan yo defini nan Tit 11; oswa
H	Nenpòt lòt konduit ke yon moun ki rezonab sou sikontans yo ta twouve menasan oswa danjere.

**VYOLANS DOMESTIK** se lè **ABI** rive nan relasyon familyal ak entim, tankou:

Moun ki marye oswa ki te marye	Paran oswa timoun (enkli adoptif- bèlmè-bòpè)
Moun ki plase	Frè oswa sè (enkli bòfrè-bèlsè),
Moun ki pap viv ansanm men ki gen yon timoun an komen;	Pitit gason oswa Pitit fi (enkli bofis ak bèlfì menm si dwa paran yo ta sispann
Moun ki renmen oswa 1it e renmen	Granparan oswa pititpitit ; oswa
Gadyen ak timoun nan;	Nenpòt moun ki gen rapò ak san, adopsyon oswa maryaj k'ap viv ansanm kòm yon fanmi.

Ki diferans lè yon lòd PKA pase apre yon odyans \* ak lè yon PKA pase pa konsantman?

# Odyans ≠ Konsantman



Petisyonè a dwe prezante prèv ke repondan an komèt abi oswa kont petisyonè a oswa kont on pitit petisyonè a.

Si pa gen prèv ke te gen abi, petisyon an rejete e pa gen lòd PKA.

Lod PKA ka sèvi nan lot odyans kòm prèv ke te gen abi.

Komisè a deside kondisyon ak konbyen tan PKA a ap dire.

Pa gen prèv ki bezwen prezante.  
Petisyonè ak repondan fe yon akò pou lòd PKA a pase.

Yon Lod A PKA pase e tribunal la pa adresse si te gen abi osinon si pat gen abi.

Lod PKA pa ka sèvi nan lot odyans kòm prèv ke te gen abi.

Petisyonè ak repondan an dakò sou kondisyon nan PKA a ak konbyen tan lap dire.

Men, yon lòd PKA ki pase apre yon odyans ak yon lòd PKA order pa konsantman se EKZAKTEMAN

menm nan fason sa yo:

# Odyans = Konsantman



Repondan ka arete ak ale nan prizon paske li vyole lòd la,

Repondan pa gen dwa posede zam a fe ak minisyon, e

Petisyonè an ak repondan an pa ka fè yon akò pou revoke, modifye ou inyore lòd la. pou sa yo dwe depoze yon mosyon e parèt nan odyans lan.

\*Yon PKA pa **Defo** se menm ak yon lòd ki pase apre yon odyans eksepte ke repondan an pa prezan.

# Konbyen tan yon lòd PKA dire ?

## Lòd Tanporè

Peryòd inisyal la nan yon **Lod Tanporè an Absans** se jiska 15 jou.

Lòd lan ka pwolonje jiska 30 jou si jijman PKA a repwogramme :

- Pou akonpli sèvis pwoesis sou moun ki konsène a,
- Sou demann yon pati pou bon rezon.

## Lòd pèmanan

Pwovizyon "pwoteksyon" nan yon lòd PKA pa **konsantman, otomatikman oswa apre yon odyans an plen** ka dire **jiska 2 ane oubyen pafwa pi lontan**. Sa enkli:

- Pa gen okenn lòt abi;
- Rete 100 mèt lwen petisyonè a, rezidans ak espas travay li ;
- Pa gen kontak (**kominikasyon**) sou kèlkeswa fòm
- Pa gen zam afe, minisyon, oswa zam ki ka touye moun.

Pwovizyon pou pwoteksyon yo ka bay lòd pou **plis pase 2 lane** sou **konsantman** pati yo, oswa sou yon konklizyon nan **sikonstans grav** tankou:

**Blesi Fizik**

**Sèvi ak yon zam a fe**

**Ansyen konviksyon VD**

**Plizye vyolasyon ansyen PKA**

Nenpòt sikonstans kote la vi petisyonè a oswa la vi nenpòt moun nan kay la an danje.

Pwovizyon "Segondè" ki nan yon lòd PKA yo **limite a 1 ane**. Men sa yo enkli:

- Gad ak vizit ak timoun;
- Peman sipò; ak
- Kontwòl Tanporè kay ak zafè pèsònèl.

## Ekstansyon ak revokasyon avan lè

Yon tribinal **ka** pwolonje yon lòd PKA apre yon odyans ki mwens pase 2 lane men li ka depase 2 lane sou yon konklizyon **sikonstans grav**.

Tribinal la **ka** modife yone oswa anile yon lòd PKA sou demann nenpòt nan de pati yo, men se sèlman apre yon odyans. Rekonsilasyon ant de pati yo pa gen okenn efè sou dire, validite oswa ranfòsman nan yon lòd PKA.

**ENFÒMASYON KI ANWO A SE YON REZIME JENERAL DE LWA, REG AK PWOESDI KI APLIKAB PWOESISN NAN TRIBINAL FANMI. CHAK KA DIFERAN E APLIKASYON LWA SA YO KA ESPECIFIK NAN KA PA W LA.**

Pwojè sa a te sipòte pa Sibvansyon No 2014-FJ-AX-K004 ki te akòde nan Biwo Vyolans kont Fanm, Depatman Lajistis Etazini. Opinyon, konklizyon, ak rekòmandasyon ki eksprime nan publikasyon/pwogram/egzibisyon sa yo se pa otè a(yo) epi yo pa nesesèman reflete opinyon Biwo sou Vyolans Kont Fanm nan Depatman Jistis.

## Kisa gad timoun ye?

Gad timoun nan Delaware vle di yon aranjman levasyon ant de paran ak yon timoun yo gen ansanm. Li gen ladann:

- Kote yon timoun abite,




- Kontak yon timoun genyen avèk chak paran,



- Aksè chak paran genyen a enfòmasyon ki konsène timoun nan,




- Wòl chak paran nan pran desizyon enpòtan nan lavi timoun nan.



Pwojè sa a te sipòte pa Sibvansyon No 2014-FJ-AX-K004 ki te akòde nan Biwo Vyolans kont Fanm, Depatman Lajistis Etazini. Opinyon, konklizyon, ak rekòmandasyon ki eksprime nan piblikasyon/pwogram/egzibisyón sa yo se pa otè a(yo) epi yo pa nesesèman reflete opinyon Biwo sou Vyolans Kont Fanm nan Depatman Jistis.

## Eske Delaware se Eta ki kòrèk pou'm depoze Petisyon mwen pou Gad Timoun?

(Lwa Teritwa a sou Jiridiksyon ak Ekzekisyon sou Gad Timoun – UCCJEA)



1. Sa vle di lòd responsablité final ki pi resan an oswa pèmanan.
2. Oswa, si timoun nan gen mwen ke 6 mwa depi li fèt.

Pwojè sa a te sipòte pa Sibvansyon No 2014-FJ-AX-K004 ki te akòde nan Biwo Vyolans kont Fann, Depatman Lajistis Etazini. Opinyon, konklizyon, ak rekòmandasyon ki eksprime nan publikasyon/pwogram/egzibisyon sayo se pa otè a(yo) epi yo pa nesèsèman reflete opinyon Biwo sou Vyolans Kont Fann nan Depatman Jisits.

# Sa Ki Nan Pi Bon Enterè yon Timoun

Nan detèminasyon gad, Jij la dwe konsidere ki sa ki nan **PI BON ENTERÈ** timoun lan. Men kisa yo konsidere lè yap detèmine sak nan pi bon enterè yon timoun:

<input checked="" type="checkbox"/>	1 Volonte tou de paran yo
<input checked="" type="checkbox"/>	2 Volonte timoun nan
<input checked="" type="checkbox"/>	3 Relasyon timoun nan avèk paran, granparan, frè ak sè, bòpè/bèlmè ak lòt moun kap viv nan kay yo
<input checked="" type="checkbox"/>	4 Ajisteman timoun nan lakay li, lekòl la ak nan kominate a
<input checked="" type="checkbox"/>	5 Sante mantal ak fizik tout moun ki enplike
<input checked="" type="checkbox"/>	6 Kòman paran yo konfòme yo ak dwa paran yo ak responsabilite yo nan tan pase ak kounye a
<input checked="" type="checkbox"/>	7 Prèv vyalans domestik
<input checked="" type="checkbox"/>	8 Istwa kriminèl tou de paran yo ak nenpòt ki lòt moun ki viv nan kay la

Tribinal la ka konsidere tou:

<b>Kapasite paran yo pou kominike</b> Orè travay paran yo Distans kay la, lekòl ak gadri Kontak timoun nan te genyen ak paran yo	Si yo te konn pran dwòg ak alkòl Konbyen ak ki laj frè ak sè yo Kominikasyon ak paran nan tan pase Aranjman pou kay
---	--